Superintendent of Schools
Alberto M. Carvalho

Miami-Dade County School Board
Dr. Lawrence S. Feldman, Chair
Dr. Marta Pérez, Vice Chair
Dr. Dorothy Bendross-Mindingall
Susie V. Castillo
Dr. Steve Gallon III
Perla Tabares Hantman
Dr. Martin Karp
Lubby Navarro
Mari Tere Rojas

8 janvye, 2019

Chè Paran ak Gadyen:

Nan reyinyon 20 novanm 2018 li a, Komisyon Konsèy Lekòl Miami-Dade County, Florid la te adopte nouvo "*Code of Student Conduct* (COSC)" (Kòd Konduit Elèv) ki fèk revize a ki an konfòmite ak lwa lokal, eta, ak federal avèk yon konsantrasyon pou pwomote yon anviwònman aprantisaj ki gen sekirite pou asire siksè akademik.

COSC a etabli prensip konduit nou ap atann de elèv yo nan yon anviwònman aprantisaj ki gen bonjan sekirite kote yo valorize prensip swen, koutwazi ak respè pou dwa lòt moun. Li adrese tou wòl paran/gadyen, elèv, ak lekòl yo, men tou li konsantre sou valè debaz yo e egzanplifye konpòtman, dwa ak responsablite elèv yo, adrese konpòtman elèv, ak pwosedi aksyon disiplinè yo.

Li enpòtan pou paran/gadyen ansanm ak pitit yo pran tan pou revize COSC a. Gen anpil revizyon solid pou nou toude, paran/gadyen ak elèv yo bezwen revize. Anplisdesa, nou dwe remake tou konpòtman ki komèt sou kanpous oubyen andeyò kanpous lekòl la ka vyolasyon COSC a e li ka tou vyolasyon lwa Florid la. Vyolasyon sa yo ka lakòz aksyon disiplinè otorite pou ranfòsman lwa lokal yo ka enpoze, anplis pa lekòl/distri yo.

Ou ka jwenn aksè sou COSC la nan vizite **http://ehandbooks.dadeschools.net/policies/90/index.htm**. Si w pa gen aksè sou Entènèt, ou ka ale nan lekòl pitit ou a e mande pou w revize manyèl *Kòd Konduiit Elèv* la. Silvouplè, pran tan pou revize e diskite enpòtans *Kòd Konduit Elèv* la avèk pitit ou a oubyen pitit ou yo. Aprè ou fin revize *Kòd Konduit Elèv* la, oumenm ak pitit ou a/pitit ou yo dwe siyen, date, e retounen fòm ki akonpaye lèt la ki rele **"Parent Receipt and Acknowledgement Form" (Fòm Atestasyon Paran an Resevwa e Revize Fòm nan) bay lekòl pitit ou a nan espas 5 jou lekòl.**

Mwen konsidere chak paran/gadyen kòm yon patnè enpòtan nan Lekòl Leta Miami-Dade County e mwen rekonèt ou pataje menm objektif la ak tout lekòl nou yo, ki se kreye yon anviwònman aprantisaj ki gen sekirite ki pwomote siksè akademik. Pou rezon sa a, nou espere ou konprann enpòtans konpòtman Distri a ap atann de elèv yo, ak estrateji korektif yo ap aplike anka yo gen move konduit.

Mr. Osborn
Direktè/tris JFK Middle

.

Atestasyon Ou Resevwa e Revize L

Chak paran/gadyen yon elèv e chak elèv ki anwole nan Lekòl Leta Miami-Dade County dwe siyen e retounen paj sa a bay lekòl elèv la pou sètifye yo gen aksè ak vèsyon sou Entènèt la oubyen yon kopi *Kòd pou Konduit Elèv* la. Anplis, paj sa a sèvi kòm atestasyon ou revize *Kòd pou Konduit Elèv* la avèk pitit ou. Chak lekòl ap kenbe dosye deklarasyon yo siyen yo.

Ou kab jwenn vèsyon Entènèt *Kòd pou Konduit Elèv* la an Ann Anglè, Espayòl, ak Kreyòl nan Pòtal Paran an oubyen atravè sit Entènèt k ap suiv la:

http://ehandbooks.dadeschools.net/policies/90/index.htm

Si w pa genyen Entènèt, pou jwenn yon kopi *Kòd pou Konduit Elèv* la, silvouplè vizite lekòl pitit ou a pou resevwa yon kopi.

Mwen sètifye mwen resevwa notifikasyon konsènan aksè oubyen resevwa yon kopi *Kòd pou Konduit Elèv* la atravè Pòtal Paran an oubyen atravè adrès Entènèt la e mwen li e diskite *Kòd pou Konduit Elèv* la avèk pitit mwen.

_____ _____

Siyati Paran/Gadyen Dat

Mwen sètifye mwen resevwa notifikasyon konsènan aksè oubyen resevwa yon kopi *Kòd pou Konduit Elèv* la atravè Pòtal Paran an oubyen atravè sit Entènèt la e mwen li e diskite *Kòd pou Konduit Elèv* la avèk paran/gadyen mwen.

_____ _____

Non Elèv la Dat

VOYE L TOUNEN BAY LEKÒL ELÈV

LA NAN ESPAS SENK (5) JOU

LEKÒL APRE OU RESEVWA

NOTIFIKASYON POU REVIZE KÒD

POU KONDUIT ELÈV LA